



DINAS PENDIDIKAN PEMUDA DAN OLAHRAGA KABUPATEN BANTUL
SD NEGERI KARANGGAYAM

Alamat : Karanggayam, Sitimulyo, Piyungan, Bantul, 55792

LEMBAR KERJA PESERTA DIDIK

Nama Peserta Didik: _____

Nomor Absen : _____ **Kelas :** _____

Basa Jawa Wulangan 4 Mertamu

KD. 3.4 Memahami unggah-ungguh basa untuk bertamu dan wawancara sederhana

KD. 4.4 Menggunakan unggah-ungguh basa untuk bertamu dan wawancara sederhana

Wacanen Kanthi permati!

Wonten Tamu

Nalika lagi maca kalawarti "Djaka Lodhang", Niken krungu ana wong ndhodhog lawang.

Pak Wasita : "Kula nuwun."

Niken : "Mangga!"

Pak Wasita : "Apa Bener, Nduk, iki daleme Pak Gunawan?"

Niken : "Inggih leres. Mangga kula aturi lenggah rumiyin!"

Pak Wasita : "Apa bapak ana dalem, Nduk?"

Niken : "Wonten, Pak. Mangga lengah rumiyin, kla matur bapak."

Niken banjur mlebu matur bapake sing lagi wae rampung siram.

Niken : "Pak, wonten tamu."

Pak Gunawan : "Wo ya. Sapa tamune?"

Niken : "Tamunipun bapak-bapak. Kulo mboten mangertos asmanipun. Ngendikanipun badhe pinanggih bapak."

Pak Gunawan : "Sesuk eneh yen ana tamu disuwuni pirsapa asmane. Wis kana matur ibu supaya gawe unjukan!"

Niken : "Inggih, Pak."

Niken banjur nggoleki ibune ing pawon, diaturi gawe unjukan. Pak Gunawan tumuju kamar tamu, mbagekake tamune.

Pak Gunawan : "O, Pak Wasita. Mangga... mangga! Kados pundi kabaripun?"

Pak Wasita : "Inggih pangestunipun sae. Kosok wangsulipun bapak, ibu, lan para putra rak inggih sami sae ta, Pak."

Pak Gunawan : "Inggih Pangestunipun sedaya sae. Kok ndengaren sonten-sonten rawuh mriki wonten kersa menapa?"

Pak Wasita : "Inggih Pak Gunawan, Pada Mudha ing kampung kula Kembangan sami kepingin badhe gladhen macapat. Bilih bapak kersa, kula suwun bapak nggladhi macapat ing kampung kula."

Pak Gunawan : "O, mekaten kersanipun."

A. Catheten tembung iki ing bukumu!

kula aturi	: Tak Kon	Mbagekake	: takon kabar
Rumiya	: Dhisik	Rawuh	: teka
Matur	: kandha, omong	kersa	: gelem
Siram	: adus	Mudha	: enom
Asmanipun	: jenenge	Gladhen	: ajar, latihan
Ngendikanipun	: kandhane	Nggladhi	: ngajari, nglatih
Pinanggih	: ketemu	Unjukan	: omben, wedhang

B. Ceceg-ceceg ing ngisor iki isenana nganggo tetembungan sing mathuk kanthi digeret

1. Bawa ibune kapan olehe ngaturake unjukan
2. Rini marang aku, jare sesuk arep lunga
3. Bapak Niken lagi rampung
4. Nalika ana tamu, Bawa lagi
5. Bapak Niken Pak Gunawan
6. Adhine Bawa Niken.
7. Pak Wasita ing omahe Niken.
8. Nalika tamune kondur, aku lagi saka sekolah
9. Pak Gunawan ngajari nembang macapat
10. Jarene Tari melu ajar nembang macapat.

siram

gelem

rawuh

jenenge

matur

Kersa

asmane

adus

teka

kanda